

# BAB I

## BUBUKA

Dina ieu bab ngaguar hal anu ngawengku genep subbab. Anapon hal anu diguar nyaéta kasang tukang, idéntifikasi masalah nu dijéntrékeun satuluyna dina rumusan masalah, nu dituluykeun ogé kana guaran tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, raraga tulis, jeung wangenan operasional.

### 1.1 Kasang Tukang

Modél *Project Based Learning* (PjBL) sok disebut pangajaran berbasis proyék. Wena (dina Aryani, 2022) nétélakeun yén modél *Project Based Learning* nyaéta modél pangajaran anu nyadiakeun atawa ngawadahan kasempetan siswa pikeun ngokolakeun kelas ngalibetkeun karya proyék. Mekarkeun modél pangajaran berbasis proyék ngalatih siswa pikeun ngaronjatkeun pamarekan dina diajar. *Project Based Learning* (PjBL) mibanda karakteristik anu museur pangajaran ka siswa (*student oriented*) anu hartina peserta didik dibéré kabébasan pikeun nangtukeun aktivitas atawa kagiatan diajarna, mekarkeun pastisipasi aktif, kolaborasi jeung tanggung jawab pikeun ngahontal jeung ngokolakeun informasi pikeun néang solusi, ogé bisa ngahasilkeun hiji produk atawa *output* anu jelas ti peserta didik. Modél *Project Based Learning* (PjBL) mibanda kaunggulan di antarana ngaronjatkeun motivasi siswa pikeun diajar migawé pagawéan atawa pancén, ngaronjatkeun kamampuh ngaréngsékeun masalah pikeun siswa. Salian ti éta, nyadiakeun pangalaman siswa pikeun ngatur jeung ngorganisir waktu pikeun ngalengkepan proyék, ngaronjatkeun kaahlian siswa kana kompetensi anu rék dihontal, jeung ngalatih siswa sangkan aktip dina kagiatan diajar (Sani, 2014, kc.177).

Tina hasil panalungtikan saméméhna ngeunaan pangajaran nu ngagunakeun modél *Project Based Learning* bisa dicindekkeun yén hasil diajarna hadé. Sababaraha conto dina panalungtikan saméméhna dilaksanakeun ku Amam & Lismayanti (2020) ngeunaan “*Perangkat Project-Based Learning Berbantuan ICT: Optimalisasi Kemampuan Pemecahan Masalah dan Kecemasan Matematis Siswa*”.

Tuluy hasil panalungtikan Astri spk. (2023) ngeunaan “*Meningkatkan Hasil Belajar Dan Kemampuan Bernalar Kritis Pada Pelajaran IPS Melalui Model Project Based Learning (PjBL) Berbantu Metode Gallery Walk*”. Panalungtikan Umaeroh & Arianto, (2023) ngeunaan “*Pengaruh Project Based Learning (PjBL) Terhadap Kreativitas Pada Materi Proses Pembuatan Video Pendek Mata Pelajaran Teknik Pengelolaan Audio Video Kelas XI DKV SMK Negeri 1 Jabon*”. Salian ti éta, panalungtikan séjénna kungsi ditalungtik ku Ambiyar (2020) ngeunaan “*Penerapan Model Project-Based Learning dalam Mata Diklat Gambar Sketsa*” jeung panalungtikan Pratiwi spk. (2023) ngeunaan “*Implementasi Model Project Based Learning Pada Pembelajaran IPS Abad 21 Di Sekolah Dasar*”.

Dumasar kana pasualan anu karandapan ku siswa di antarana masih loba siswa anu can mampuh ngawasa pangajaran basa Sunda hususna pangajaran pakeman basa. Siswa masih kénéh nganggap yén pangajaran basa Sunda téh ngabosenkeun. Ogé masih loba siswa anu can mikanyaho pentingna pangajaran pakeman basa pikeun kahirupan sapopoé sabab minatna masih kurang. Kamampuh pikeun ngaronjatkeun siswa dina pangajaran pakeman basa jeung hasil diajar siswa dina diajar ngeunaan pangajaran basa Sunda anu masih kénéh leutik ogé jadi bangbaluh dina prosés pangajaran basa Sunda.

Ku kituna, modél *Project Based Learning* dumasar kana proyék vidéo pondok bisa dijadikeun pilihan di antara modél pangajaran anu séjénna, sabab dina ieu modél pangajaran bisa ngamaksimalkeun jeung mantuan siswa pikeun ngahontal kompetensi sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan pakeman basa. Pangajaran dumasar kana proyék vidéo cocog dilarapkeun dina salasahiji runtuyan diajar sabab ngarojong tur ngarahkeun siswa jeung kelompok sangkan miboga cara sorangan pikeun nuntaskeun cara diajarna. Modél *Project Based Learning* ogé penting pikeun dilaksanakeun sangkan siswa bisa mekarkeun kaparigelan mikir sacara kréatif ogé miboga tujuan pikeun mekarkeun kaparigelan siswa ku cara ngaréngsékeun masalah babarengan (*collaboration*) hususna dina diajar pakeman basa. Kréatifitas mangrupa hiji prosés méntal anu ngarahkeun siswa kana mikir sacara orisinal dibandingkeun siswa séjén. Tina pamadegan para ahli, kréatifitas katémbong dumasar kana pangalaman anu geus dirandapan boh pangalaman

Sintia, 2024

**MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sorangan boh pangalaman jeung jalma séjén antukna, tina pangalaman nu dirandapan ngahasilkeun ideu, gagasan, léngkah-léngkah anu béda anu tangtu jadi hiji hal nu miboga niléy jeung mangpaat (Surya spk., 2018).

Pakeman basa mangrupa ungkara basa nu kakecapanana geus boga patokan, geus puguh éntép seureuhna, jeung boga harti anu béda antara ungkara jeung harti kecap nu sabenerna. Pakeman basa ogé mangrupa kalimah anu geus miboga patokan ti dituna, geus aya takeran jeung watesanana. Éta ungkara teu meunang dirobah, boh sacara uninna, éjahanana, tempatna, atawa dirobah ku cara dilemeskeun basana sabab bisa ngarobah hartina. Harti anu dikandung dina pakeman basa nyaéta kecap injeuman atawa harti nu teu sabenerna mangrupa siloka lakuning hirup manusa, anu mémang teu bisa *alih* harti sacara sabenerna nurutkeun harti dumasar kana tata basa atawa harti nu dikandung dina unsur-unsurna (Sudaryat, 2021, kc. 148). Sakumaha nu geus ditétélakeun yén harti idiom disebut ogé injeuman atawa harti anu lain sabenerna. Salaku conto, wangun gedé hulu dina babasan bagéan tina pakeman basa anu miboga harti “ria, sombong, takabur, ujub” aya bédana jeung harti unsurna boh unsur gedé boh unsur hulu (Sudaryat, 2021, kc. 148). Salian ti babasan, anu kaasup kana pakeman basa liana dina pangajaran basa Sunda téh nyaéta cacandran paribasa, uga, rakitan lantip, caturangga, jeung panyaraman.

Nepi ka kiwari panalungtikan ngeunaan larapna modél *Project Based Learning* nu digunakeun dina pangajaran pakeman basa can aya nu kungsi nalungtik. Modél *Project Based Learning* (PjBL) dipiharep bisa ngungkulan pasualan anu karandapan sabab ngaliwatan vidéo pangajaran pakeman basa bisa diaksés dimana baé jeung iraha baé. Upaya pikeun nyieun kagiatan pangajaran anu leuwih inovatif ogé bisa mantuan siswa matotoskeun pasualan-pasualan nu aya. Salasahijina nyaéta ngalaksanakeun pangajaran ngagunakeun modél *Project Based Learning* (PjBL) ngaliwatan vidéo. Dumasar kana masalah anu dipedar, tujuan anu kudu dihontal tina ieu panalungtikan PjBL nu patali jeung pakeman basa nyaéta pikeun mikanyaho pangaruh larapna modél *Project Based Learning* (PjBL) ka siswa waktu pangajaran pakeman basa nu dipidangkeun ngagunakeun vidéo pondok.

Sintia, 2024

**MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## 1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Idéntifikasi jeung rumusan masalah mangrupa hal anu penting dina ieu panalungtikan. Anapon idéntifikasi jeung rumusan masalah dipedar saperti ieu di handap.

### 1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Idéntifikasi masalah nu karandapan ku siswa kelas VIII SMPN 2 Bandung dina ieu panalungtikan diwincik sakumaha ieu di handap.

- 1) Masih loba siswa can ngawasa kana pangajaran basa Sunda di sakola.
- 2) Masih loba siswa nu nganggep yén pangajaran basa Sunda téh hésé ogé ngajieun bosen.
- 3) Masih loba siswa anu teu mikanyaho pangajaran pakeman basa.
- 4) Can aya modél pangajaran anu cocog pikeun pangajaran pakeman basa.

Dumasar tina idéntifikasi masalah anu kapanggih, ieu panalungtikan leuwih museur pangaweruh jeung larapna modél *Project Based Learning* dina pangajaran pakeman basa.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Ditilik tina kasang tukang nu aya di luhur, rumusan masalah tina ieu panalungtikan diwincik di handap ieu.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas VIII SMPN 2 Bandung dina pangajaran pakeman basa saméméh ngagunakeun modél *Project Based Learning*?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas VIII SMPN 2 Bandung dina pangajaran pakeman basa sanggeus ngagunakeun modél *Project Based Learning*?
- 3) Bédana kamampuh siswa kelas VIII SMPN 2 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Project Based Learning*?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Nilik kana hal nu diguar di luhur ngeunaan rumusan masalah, tujuan nu rék dihontal dina ieu panalungtikan aya dua. Anapon tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta tujuan umum panalungtikan jeung tujuan husus saperti di handap.

Sintia, 2024

**MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta sangkan mikanyaho larapna modél *Project Based Learning* dina pangajaran pakeman basa. Hususna pikeun ngukur pangaruh ieu modél kana kamampuh siswa kelas VIII SMPN 2 Bandung dina pangajaran pakeman basa.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, tujuan nu kadua nyaéta tujuan sacara husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun medar:

- 1) kamampuh siswa kelas VIII SMPN 2 Bandung dina pangajaran pakeman basa saméméh ngagunakeun modél *Project Based Learning*.
- 2) kamampuh siswa kelas VIII SMPN 2 Bandung dina pangajaran pakeman basa saenggeus ngagunakeun modél *Project Based Learning*.
- 3) bédana kamampuh tina saméméh jeung saenggeus ngagunakeun modél *Project Based Learning* pikeun siswa kelas VIII SMPN 2 Bandung.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep sangkan bisa méré mangpaat, mangpaat nu ditilik boh sacara tioritis atawa praktis. Mangpaat dina panalungtikan dipedar sakumaha anu didadarkeun dina ieu dihandap.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Hasil tina ieu panalungtikan nu kasawang nyaéta pikeun mikanyaho kamampuh siswa kana materi pakeman basa saenggeus diayakeun panalungtikan. Dumasar kana panalungtikan, ieu mangpaat ditujukeun ka siswa kelas VIII SMPN 2 Bandung.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina nu aya tina ieu panalungtikan ngawengku dua hal, nya éta pikeun pamaca jeung pikeun panalungtik.

#### 1) Pikeun pamaca

Minangka sarana pikeun nambahan pangaweruh pamaca ngeunaan kaayaan siswa dina kamampuhna kana matéri pakeman basa dina kahirupan sapopoé.

#### 2) Pikeun panalungtik

Minangka sarana pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa SMPN 2 Bandung kana pakeman basa pikeun kahirupan sapopoé, jeung hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun pangalaman anyar dina mikanyaho kamampuh siswa SMPN 2 Bandung kana matéri pakeman basa pikeun kahirupan sapopoé.

## 1.5 Raraga Tulis

Ieu panalungtikan skripsi tangtu waé mibanda raraga tulis pikeun konsép tina panulisan. Anapon raraga tulis dijieun jadi sababaraha bab anu didadarkeun saperti di handap.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab, hal anu diguar nyaéta ngeunaan Kasang Tukang panaluntikan, tuluy diguar ogé Rumusan Masalah, Tujuan Panalungtikan nu ngawengku Tujuan Umum jeung Tujuan Husus nu aya dina panalungtikan. Salian ti éta diguar ogé Mangpaat Panalungtikan nu kabagi jadi Mangpaat Tioritis jeung Mangpaat Praktis, pamungkas dina ieu bab bubuka nyaéta Wangenan Operasional nu nétélakeun *variable* dina ieu panalungtikan.

Bab II diguar ngeunaan Ulikan Tiori, dina ieu ulikan tiori jadi tiori dasar nu ngeunaan PjBL jeung pakeman basa. Sacara ngaruntut, dipedar modél pangajaran, modél *Project Based Learning*, ciri-ciri modél *Project Based Learning*, karakteristik modél *Project Based Learning*, kaonjoyan jeung kahéngkéran nu aya dina modél *Project Based Learning*, léngkah-léngkah dina modél *Project Based Learning*, tiori anu patali jeung pakeman basa, pedaran tina Panalungtikan Saméméhna jeung Raraga Mikir anu jadi konsép dasar dina ieu panalungtikan.

Bab III Métode Panalungtikan. Metodé panalungtikan nu dipaké nyaéta Desain Panalungtikan, Prosedur Panalungtikan, Sumber data Panalungtikan, Instrumén

Sintia, 2024

**MODÉL PROJECT BASED LEARNING DINA MATÉRI PAKEMAN BASA (KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII SMPN 2 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panalungtikan, Téhnik Ngumpulkeun Data, Tehnik Ngolah Data, sarta Uji Sipat Data anu ngawengku Uji Normalitas jeung Uji Hipotésis.

Bab IV Hasil jeung Pedaran Panalungtikan. Dina bab hasil jeung pedaran ngeunaan hasil panalungtikan sacara lengkep nu némbongkeun larapna modél *Project Based Learning* dina pangajaran pakeman basa.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Dina bab pamungkas dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi anu ngahudang pamaca sangkan neuleuman ieu panalungtikan dina mangsa kahareupna.

## **1.6 Wangenan Operasional**

Modél *Project Based Learning* dina ieu panalungtikan mangrupa modél pangajaran anu dumasar kana proyék. Sedengkeun nu disebut pakeman basa nyaéta kalimah anu geus miboga patokan, geus puguh takeran jeung watesanana nu teu meunang dirobah, sabab geus miboga harti sorangan.